



Akademisyen Jean Robert PLACIDE

Akademisyen Jean Robert PLACIDE fèt 11 desanm 1950, Pòtoprens, depatman Lwès, Ayiti. Li etidye Lengwistik aplike nan Inivèsite Québec-Montréal (UQÀM/Kanada). Li gen yon lisans nan Syans langaj, yon sètifikasi nan Alfabetizasyon ak yon sètifikasi nan Achivistik.

Akademisyen Jean Robert PLACIDE se pwofesè kreyòl, anseyan retrete nan Commission Scolaire de Montréal (CSDM), Kanada. Depi 1970, li kòmanse anseye kreyòl nan pawas Sentàn, Ayiti, epi li t al kontinye nan Sant N A Rive nan Canada.

Angajman

- Edikasyon
- Lengwistik
- Rechèch sou etimoloji Lafrik nan leksik kreyòl ayisyen an

Piblikasyon (li patisipe nan)

- *Gramè kreyòl SNR a* (Edisyon I ak II) sou direksyon Joseph Sauveur JOSEPH
- *Yon amenajman lengwistik pou devlòpman pèp ayisyen an: de lang ofisyèl ak valorizasyon kreyòl la* (an kolaborasyon ak GRAHN)

Se Sant N A Rive nan Canada ki te pwopoze kandidati Jean Robert PLACIDE pou li te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen.